# QARAQALPAQSTANDA TÁBIYIY ORTALÍQTÍ OPTIMALLASTÍRÍW MÁSELELERI

**Usmanov K.**
*QR Ayrıqsha jaǵdaylar basqarması ómir qauipsizligin oqıtıw orayı oqıtıwshısı*

***Annotaciya:*** *Aral teńiziniń suwı qurıǵan aymaǵı, Aral teńiziniń suwı qurıǵan aymaǵında jasıl qaplamalar qorǵawshı toǵayzarlardı payda etiw, jasıl qaplamalar, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 18-yanvardaǵı “Aral teńizi suwı qurıǵan aymaqlarında hám Aral boyı aymaqlarında “jasıl qaplamalı” qorǵawshı toǵayzarlardı payda etiwdiń qosımsha ilajları haqqında”ǵı 31-sanlı qararı qabıl etilgen.*

Aral teńiziniń suwı qurıǵan ultanında jasıl qaplamalar qorǵawshı toǵayzarlardı payda etiw boyınsha 2018-2022-jıllarda ámelge asırılǵan jumıslar analizlew.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2019-jıl 15-fevraldaǵı “Aral teńizi suwı qurıǵan aymaqlarında jasıl qaplamalar qorǵawshı toǵayzarlardı payda etiwdi jedellestiriw ilajları haqkında”ǵı 132-sanlı qararı qabıl etilgen bolıp, 2018-jıldıń gúz, qıs hám 2019-jıldıń báhár máwsimleride 1 mln 125 mıń gektar maydanda jerdi tayarlaw (qarıq *tartıw*) jumısları alıp barıldı. Aral teńiziniń suwı qurıǵan aymaǵında jámi 460,8 mıń gektar maydanda fitomelioraciya jumısları alıp barıldı. Sonıń menen, tuqımnan 445,5 mıń gektarda sonnan samolyot járdeminde 326,2 mıń gektarda, texnika járdeminde 119,4 mıń gektarda hámde 15,3 mıń gektarda nálden mádeniy toǵayzarlar egildi.

Aral teńiziniń qurıǵan aymaǵında jasıl qaplamalar qorǵawshı toǵayzarlardı payda etiwde jámi 1532 tonna shól ósimliklerin egiw ushın shól ósimlikleriniń tuqımları tayyorlandi. Sonnan seksewil 1459 tonna, qarabaraq 73 tonna shól ósimlikleri tuqımları terilip egiw ushın jımsaldı. Sonnan jámi terilgen shól ósimlikleriniń tuqımları Moynaq rayonı jasawshı puqıralar tárepinen 273 tonna tuqımlar jetistirilgen.

Egiw jumıslarına Respublikamız aymaǵınan jámi 1400 puqaralar hamde 500 den aslam texnikalar hámde sonıń menen birge 2 dana (AN-2) samolyot qatnasqan.

2019-jılı Aral teńiziniń suwı qurıǵan aymaǵında jasıl qaplamalar qorǵawshı toǵayzarlardı payda etiw boyınsha Ózbekstan Respublikası Ministrljer Kabinetiniń 2019-jıl 24-dekabrdegi “Aral teńizi suwı qurıǵan aymaqlarında jasıl qaplamalar qorǵawshı toǵayzarlardı payda etiwdi jedellestiriw ilajları haqqında”ǵı 1031-sanlı qararı qabıl etilgen bolıp, 2019-jıldıń gúz, qıs hám 2020-jıldıń báhár mawsiminde Aral teńiziniń suwi qurıǵan

aymaǵında jámi 706,4 mıń gektar maydanda fitomelioraciya jumısları alıp barıldı. Sonnan, tuqımnan 663,1 mıń gektarda egilgen bolıp (AN-2) samolyot járdeminde 496,9 mıń gektarda, texnika járdeminde bolsa 166,2 mıń gektarda hamda 3 mıń gektarda sharwa malları ushın jaylawlarlar hámda nálden 40,2 mıń gektar maydanda mádeniy toǵayzarlar egildi.

Bul jumıslardı ámelge asırıwda jámi 2796 tonna shól ósimlikleriniń tuqımları terip jetilistirilgen bolıp. Sonnan seksewil 1319 tn, qandim 541 tonna, qarabaraq 810 tonna, cherkez 5 mıń hámde 93 tonna basqa túrdagi shól ósimliklari tuqımları terilib egiw ushın jumsaldı.

Usı terilgan tuqımlardan Moynaq rayonında jasawshı puqaralar tárepinen jámi 567 tonna kólemdegi shól ósimlikleriniń tuqımları qabılllanǵan.

Aral teńiziniń suwi qurıǵan aymaǵında shól ósimliklerin egiw jumıslarına jámi 2500 puqaralardıń qol miyneti hámde 500 dana texnika hámde 4 dana (AN-2) samolyot qatnaqan.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2020-jıl 5-noyabrdegi 745-sanı qararınıń orınlanıwı boyınsha:

2020-jıldıń gúz, qıs hám 2021-jıldıń báhár mawsiminde Aral teńiziniń suwı qurıǵan ultanında jámi 458,4 mıń gektar toǵayzarlar payda etilgen bolıp, sonnan, tuqımnan 340,8 mıń gektar, (*texnika járdeminde 40,7 mıń gektar, aviaciya járdeminde 300 mıń gektar*) hám nálden 12,6 mıń gektar hamda ósiwshiligi pás bolǵan toǵayzarlardi tolıqtırıw maqsetinde qosımsha 104,9 mıń gektar maydanda egiw jumısları amalge asırıldı.

2021-jılda jámi 1 511 tonna tuqımlar tayarlandi. Sonnan, 696 tonna sekseuil, 97 tonna qandim, 706 tonna qarabaraq hám 13 tonna jaylaw hám shól ósimliklari tuqımları tayyorlandi.

Usı jıldıń máwsim dawamında toǵay-meliorativ ilajları ushın toǵay qojalıqlarınan 500 dana, wálayattaǵı shólkemlerden 213 dana, sonıń menen birge 130 dana zamanagóy traktorlar, 4 dana kishik aviaciya (AN-2) hamde basqa texnika hám mexanizimler jumıs alap bardı.

Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 18-yanvardaǵı "Aral teńizi suwı qurıǵan aymaqlarında hám Aral boyı aymaqlarında "jasıl qaplamalı" qorǵawshı toǵayzarlardı payda etiwdiń qosımsha ilajları haqqında"ǵı 31-sanlı qararı qabıl etilgen bolıp, 2021-jıldıń gúz, qıs hám 2022-jıldıń báhár máwsiminde Aral teńiziniń qurıǵan aymaqlarında jámi aviaciya járdeminde 70 mıń gektar maydanda, texnika járdeminde 25 mıń gektar maydanda hám 5 mıń gektar maydanda nálden egiw, jámi 100 mıń gektar toǵay payda etiw belgilengen.

Sonnan tuqımnan 102,022 mıń gektar, (*texnika járdeminde 31,022 mıń gektar, aviaciya járdeminde 71,0 mıń gektar*) hám nálden 5,047 mıń gektar jámi 107,069 mıń gektar maydanda egiw jumısları ámelge asırılǵan.

2022-jılda jámi 590,3 tonna tuqımlar tayarlangan. Sonnan, 558,1 tonna seksewil, 20,7 tonna qandim, 11 tonna qarabaraq shól ósimlikleri tuqımları tayyorlanǵan.

Bul máwsimde toǵay-meliorativ ilajları ushın qaratılǵan jumısshılar jámi 635 quraǵan bolsa, sonıń menen birge 250 zamanagóy traktorlar, 2 dana kishik aviaciya (AN-2) jumıs alıp barǵan.

**Basshı ádebiyatlar**

1. Mirziyoev Sh.M. Búyuk kelejagamizni mard va oliyjanob xalqimiz bilan birga quramiz. – T., “O’zbekiston” NMIU, 2017.
2. Karimov I.A. O’zbekiston XXI asr bo’saǵasida: havfsizlikka tahdid, barqarorlik shartlari, taraqqiyot kafolatlari. – Toshkent: O’zbekiston, 1997. – 226 b.
3. Mirziyoev Sh.M. Erkin va farovon, demokratik O’zbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. - T., «O’zbekiston», 2016. 54 b.

**Normativ-huqıqıy hújjetler**

1. Ózbekiston Respublikasi Konstituciyasi. –T.; O’zbekiston, 2008.
2. Ózbekiston Respublikasi Prezidentining 2017-yil 4-maydagi «2017-2021-yillarda yer osti suvlari zaxiralaridan oqilona foydalanishni nazorat qilish va hisobga olishni tartibga solish chora-tadbirlari to’ǵrisida» PQ-2954-son qarori.
3. Ózbekiston Respublikasi Prezidentining 2017 yil 18-yanvardagi «2017-2021-yillarda Orolbo’yi mintaqasini rivojlantirish davlat dasturi tuǵrisida»gi PQ-2731-son qarori
4.https://www.qrstat.uz/uz/